



VINI, SUIV MWEN—

Pou Kowòm
Ansyen ak Sosyete
Sekou

*Nou ka jwenn resous sa yo sou
app Bibliyotèk Levanjil la ak nan
comefollowme.lds.org.*

Poukisa nou gen

reyinyon Kowòm Ansyen ak Sosyete Sekou?

Nan dènye jou sa yo, Bondye te retabli prèttriz la epi li òganize kowòm prèttriz ak Sosyete Sekou pou ede akonpli travay sali l la. Poutèt sa, chak Dimanch lè nou reyini nan reyinyon kowòm ansyen ak Sosyete Sekou yo, nou diskite epi nou planifye kisa nou pral fè pou ede akonpli travay Bondye a. Pou yo ka efikas, reyinyon sa yo sipoze plis pase klas sèlman. Yo se opòtinite pou nou fè konsèy ansanm sou travay sali a, pou nou aprann ansanm nan ansèyman dirijan Legliz yo osijè travay sa a, ak pou nou planifye ak òganize nou pou n ka akonpli l tou.



Reyinyon konsèy

Premye Dimanch yo

Nan premye Dimanch chak mwa, reyinyon Kowòm Ansyen ak Sosyete Sekou yo *pa pral gen yon leson ki pral anseye pa yon enstriktè ankò*. Olyesa, prezidans kowòm ansyen ak Sosyete Sekou yo ap fè yon reyinyon konsèy. Nan reyinyon konsèy premye Dimanch sa yo, chak kowòm ansyen ak Sosyete Sekou dwe chita ansanm pou pale sou responsablite, opòtinite, ak difikilte lokal y ap rankontre; pou youn aprann de ide ak eksperyans lòt; epi pou planifye fason pou yo aji selon enpresyon yo resevwa nan men Lespri a. Nan diskisyon sa yo, yo dwe itilize ekriti ki an rapò avèk bagay sa yo ak ansèyman pwofèt vivan yo.

Se pa tout reyinyon konsèy yo k ap menm jan. Men kèk gid pou ede prezidans yo dirije yon bon reyinyon konsèy.



SIJÈ POU REYINYON KONSÈY PREMYE DIMANCH YO

Ide pou sijè ki pou diskite nan reyinyon konsèy la kapab soti nan reyinyon prezidans, reyinyon konsèy pawas, plan rejyonal, enpresyon dirijan yo resevwa pandan y ap sèvi manm yo, ak enspirasyon nan men Sentespri a. Sijè yo bay anba yo se sigjeyon sèlman yo ye. Dirijan yo gen dwa konn kèk lòt bezwen yo santi yo enspire pou yo adrese.

- Kisa nou ka fè pou nou sèvi moun ki bò kote nou yo? (gade Mozya 23:18).
- Kijan nou ka pi byen bay diferan responsablite nou yo priorite?
- Kijan nou ka pataje levanjil la avèk zanmi nou ak pwochen nou? (gade Alma 17).
- Kijan nou ka pwoteje tèt nou ak fanmi nou kont medya inapwopriye ak pònografi?
- Kisa nou pral fè pou ede dirije ak fòtifeye pitit nou yo ak jèn yo nan pawas nou?
- Kijan nou ka plis enplike nan travay istwa famiyal ak adorasyon tanp?
- Kijan nou ka envite èd Senyè a pandan n ap chèche repons pou kesyon nou genyen yo ak yon pi bon konpreyansyon sou levanjil la?
- Kijan nou ka fòtifeye temwayaj nou konsènan Senyè a ak levanjil li a epi ede fanmi nou vin otonòm spirityèlman?

ANVAN REYINYON KONSÈY LA

Sa pou n fè:

- Idantifye bezwen, opòtinite, ak pwoblèm ki egziste yo.
- Nan lapriyè, chwazi yon sijè pou diskite.
- Envite manm kowòm yo oubyen sè Sosyete Sekou yo pou yo vini tou prepare pou pataje ide ak eksperyans yo.

Sa pou n pa fè:

- Prepare yon leson
- Vini avèk yon solisyon espesifik oubyen yon plan daksyon nan lespri nou.

PANDAN REYINYON KONSÈY LA

Sa pou n fè:

- Envite manm yo pou yo **PATAJE EKSPERYANS** yo te fè pandan yo t ap aji selon enpresyon yo te resevwa ak plan yo te fè nan reyinyon ki te fèt anvan yo.
- Prezante sijè reyinyon an epi ankouraje manm yo pou yo **CHITA ANSANM AN KONSÈY** konsènan sa, pandan y ap chèche solisyon ak gidans nan ekriti yo, nan pawòl pwofèt yo ak nan men Sentespri a.
- **PLANIFYE POU N AJI** sou sa k te diskite yo. Sa ka enkli plan an gwoup oubyen plan chak moun te fè poukont yo.

Sa pou n pa fè:

- Domine konvèsasyon an.
- Eseye konvenk lòt moun de ide nou genyen.
- Diskite sou pwoblèm delika oubyen konfidansyèl.
- Ansenye yon leson.
- Bay nenpòt moun presyon pou yo patisipe.

APRE REYINYON KONSÈY LA

Sa pou n fè:

- Fè suivi sou plan ak tach ki te fèt pandan reyinyon konsèy la.
- Chèche mwayen pou enkli moun ki pa t ka asiste reyinyon an poutèt apèl yo oubyen pou lòt rezon. Fè yo konnen plan k te fèt yo.
- Bay manm yo opòtinite pou yo pataje eksperyans yo nan reyinyon apre yo.

“Youn nan bagay ki bèl konsènan reyinyon konsèy sa a sèke nou kapab rive jwenn yon plan daksyon nan fen reyinyon an.”

—Sè Jean B. Bingham,
Prezidan Jeneral Sosyete
Sekou



Reyinyon

Dezyèm-ak Twazyèm Dimanch yo

Nan dezyèm ak twazyèm Dimanch chak mwa yo, kowòm ansyen yo ak Sosyete Sekou yo pral aprann nan ansèyman dirijan Legliz yo nan konferans jeneral ki pi resan an. *Yo dwe mete aksan sou mesaj manm Premye Prezidans yo ak manm Kolèj Douz Apot yo.* Sepandan, selon bezwen lokal yo ak enspirasyon Lespri a, yo ka diskite sou nenpòt nan mesaj ki soti nan konferans jeneral ki pi resan an.

Nan pifò ka, prezidans kowòm ansyen an oswa prezidans Sosyete Sekou a ap seleksyone yon mesaj konferans pou yo etidye, ki pral baze sou bezwen manm yo, byenke evèk la oswa prezidan pye a gen dwa bay avi li. Lidè yo kapab chwazi yon mesaj ki anrapò avèk sijè ki te diskite nan dènye reyinyon konsèy premye Dimanch lan, oubyen yo gen dwa chwazi yon lòt mesaj baze sou enspirasyon yo resevwa nan men Lespri a.

Dirijan yo ak enstriktè yo dwe chèche mwayen pou ankouraje manm yo pou yo li mesaj yo chwazi a alavans epi vini tou prepare pou pataje verite levanjil yo ak ide sou fason pou aplike yo. Aktivite aprantisaj yo sigjere anba yo, ki baze sou prensip ki nan *Anseye nan fason Sovè a*, kapab ede manm yo aprann nan mesaj konferans jeneral yo.

“Fè efò pou nou chèche mwayen pou entegre mesaj [konferans jeneral] yo nan sware familyal nou yo, nan ansèyman levanjil nou, [ak] nan konvèsasyon nou avèk fanmi ak zanmi nou.”

Prezidan Russel M. Nelson,
“Annou avanse devan,” *Liahona*,
Me 2018, 118.

M. Russell Ballard, “*Don presye Bondye yo*,” 9–11

Mesaj Prezidan Ballard la adrese yon kantite sijè—tankou pwofèt, lafwa nan Kris la, Sentsèn nan, ak sèvis—epi manm kowòm nou yo oubyen manm Sosyete Sekou nou yo kapab twouve lòt sijè ki patikilyèman siyifikan tou. Envite manm yo pou yo pataje yon bagay ki enspire yo nan mesaj sa a. Ki envitasyon oubyen pwomès benediksyon nou jwenn nan mesaj Prezidan Ballard la? Panse pou envite manm yo pou yo reflechi pandan kèlke minit sou sa yo te santi yo te enspire pou yo fè akòz diskisyon sa a.

Gary E. Stevenson, “*Kè yon pwofèt*,” 17–20

Pou ede manm yo “konprann grandè” apèl yon nouvo pwofèt la, nou kapab envite

yo pou yo etidye mesaj Èldè Stevenson nan, pou yo chache verite ak ide ki ka ede yo konprann siyifikasyon ak karaktè sakre pwosis divèn sa a. Panse pou w envite manm yo pataje sa yo te santi pandan asanble solanèl la kote nou te soutni Prezidan Nelson kòm Prezidan Legliz la. Ou ka desinen yon kè sou tablo a tou epi mande manm yo pou yo ekri mo oubyen fraz ladan l ki dekri kè ak karaktè Prezidan Nelson. Kisa l te anseye ki te beni nou?

Neil L. Andersen, “*Pwofèt Bondye a*,” 24–27

Diskisyon sou mesaj Èldè Anderson nan kapab fòtifeye lafwa manm yo nan pwofèt vivan yo. Ou gen dwa envite yo pou yo etidye mesaj li a pou yo chèche yon bagay ki ka ede yo konprann poukisa Bondye gen pwofèt sou

tè a ak poukisa nou suiv yo. Nan ki fason nou te beni paske nou gen yon pwofèt? Manm yo ka pataje kijan yo te jwenn yon temwayaj ke Prezidan Russel M. Nelson se pwofèt Senyè a ak Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

David A. Bednar, “*Dou ak enb nan kè*,” 30–33

Pou enspire yon diskisyon sou mesaj Èldè Bednar la, ou ta gen dwa ekri sou tablo a: *Ladousè se . . . ak Ladousè se pa . . .* Apresa, manm yo ta ka fouye mesaj Èldè Bednar la epi ekri fraz yo jwenn ki konplete fraz sa yo sou tablo a. Kisa nou aprann nan mesaj sa a ki enspire nou pou nou vin pi dou? Ki egzanp dousè nou konnen? Kijan nou kapab aplike konsèy Èldè Bednar pou nou vin pi dou a?

Bonnie L. Oscarson, “*Jènfi yo nan travay la*,” 36–38

Kesyon se yon fason pou envite refleksyon. Panse pou w ekri kèk kesyon mesaj Sè Oscarson nan reponn sou tablo a, tankou *Kijan nou ka entegre jènfi yo nan travay Senyè a?* Envite manm yo pou chèche nan mesaj li a pou yo ka jwenn repons pou kesyon sa yo epi diskite sou sa yo aprann. Ki benediksyon ki vini lè nou enplike jènfi yo nan sèvis atansyon a? Petèt manm klas yo ta ka pataje eksperyans yo te fè lè yo te sèvi kòtakòt avèk jènfi yo. Baze sou diskisyon nou an, kisa nou santi nou enspire pou nou fè?

Dale G. Renlund, “*Istwa Familyal ak travay tanp: Sèlman ak gerizon*,” 46–49

Èldè Renlund te pale de vizyon Ezekyèl te fè sou yon tanp ki te gen dlo k t ap soti ladan l (gade Ezekyèl 47:8–9). Petèt yon manm kowòm oubyen Sosyete Sekou a ta ka desine yon foto sou vizyon sa a sou tablo a. Nan ki fason benediksyon travay tanp ak istwa familyal travay tankou dlo a nan vizyon Ezekyèl la? Ou gen dwa envite manm klas yo pou yo pataje benediksyon travay tanp ak istwa familyal yo te resewa. Kisa nou ka fè pou nou fè istwa familyal ak travay tanp vin fè pati lavi nou regilyèman?

D. Todd Christofferson, “*Kowòm Ansyen yo*,” 55–58

Nan kowòm ansyen an, nou ka envite manm kowòm yo pou yo li seksyon nan mesaj Èldè Christofferson nan ki rele “Objektif chanjman sa yo.” Kisa nou ka fè pou asire n ke nou akonpli objektif sa yo? Nan Sosyete Sekou, nou kapab mande yon moun pou fè rezime chanjman nan kowòm Prètriz Mèlkisèdèk yo Èldè Christofferson dekri yo. Apresa, sè yo ta kapab idantifye prensip ki enplike nan chanjman sa yo ki kapab aplike nan travay Sosyete Sekou a. Nan kowòm ansyen an oubyen Sosyete Sekou, manm yo ta kapab diskite sou sa yo aprann nan istwa frè Goates la ak sou fason l aplike nan travay yo.



Ronald A. Rasband, “*Gade! Yon lame wayal*,” 58–61

Petèt chante, koute, oubyen li pawòl kantik “Vois! cette armée royale” (*Cantiques*, no. 251) la ansanm ta ka enspire yon diskisyon sou mesaj Èldè Rasband nan. Nan ki fason kowòm prètriz yo ak Sosyete Sekou se tankou yon lame wayal? Manm yo ta ka chèche epi diskite sou “miltitud benediksyon” Èldè Rasband mansyone k ap soti nan reyòganizasyon kowòm prètriz yo. Ki lòt benediksyon nou resewa—oubyen nou espere resewa—nan enplante chanjman sa yo? Kijan Sosyete Sekou yo ka pi totalman jwi benediksyon tankou “divèsite don” ak “fòmasyon”?

Henry B. Eyring, “*Sèvis enspire*,” 61–64

Prezidan Eyring pale sou de diskou nan reyinyon sentsèn osijè sèvis ki te enpresyone l. Petèt ou ka mande mwatye nan manm kowòm oubyen Sosyete Sekou yo pou yo pou repase pawòl ti gason 14 zan an te di yo epi lòt mwatye a pou repase istwa sou enstriktè ofwaye a. Pandan y ap li a, manm yo ta ka reflechi sou konsèy yo ta kapab bay yon jènjan oubyen yon jènfi ki fèk resewa tach pou l sèvi yon moun. Kijan nou kapab “vin pi enspire ak pi charitab . . . nan sèvis nou”?

Dallin H. Oaks, “*Pouwwa Prètriz la*,” 65–68

Pou kòmanse yon diskisyon, ou ta ka ekri tit kat seksyon yo nan mesaj Prezidan Oaks la sou tablo a. Apresa envite chak manm pou li yon seksyon an silans epi apresa ekri yon fraz

ki rezime mesaj prensipal seksyon sa a sou tablo a. Apresa manm yo ta ka di kisa yo santi yo enspire pou yo fè akòz de sa yo li a. Kijan sèvis nou antanke detantè prètriz oubyen sè Sosyete Sekou ap amelyore lè nou aplike ansèyman ki nan mesaj Prezidan Oaks yo?

Russel M. Nelson, Nelson, “*Sèvi avèk pouwwa ak otorite Bondye*,” 68–75

Prezidan Nelson envite detantè prètriz yo pou yo “leve” epi itilize prètriz la pou beni pitit Pè Selès yo. Envite manm nan kowòm ak Sosyete Sekou yo pou yo chèche egzanp li bay epi diskite sou fason yo ka ede nou konprann kijan yo ka itilize prètriz la pou beni fanmi yo ak lòt moun. Ki eksperyans nou ka pataje lè nou beni pa pouwwa prètriz? Kijan nou ka ede lòt moun oubyen tèt nou gen lafwa pou itilize prètriz Bondye a pou “sèvi nan non li”?

Reyna I. Aburto, “*Avèk yon sèl akò*,” 78–80

Mesaj Sè Aburto a bay opòtinite pou kowòm ak Sosyete Sekou nou yo evalye si n ap byen travay nan inite pou fè travay Senyè a. Pou ede manm yo fè sa, ou ta gen dwa montre yo foto bèl papiyon monak yo, vizit Senyè a te rann Nefit yo (gade *Liv Ilistrasyon Levanjil la*, 82, 83, 84), ak travay imanité Legliz la (gade LDS.org). Manm yo ta ka sonde mesaj la pou dekouvri kijan Sè Aburto te itilize egzanp sa yo pou ansenye konsènan objektif ak benediksyon travay nan inite. Kisa nou ka fè pou n travay “ansanm”?

Yon chema pou reyinyon nou yo

1. Pataje eksperyans ki soti nan aplike enpresyon ak envitasyon nou te resewva nan reyinyon prèttriz ak Sosyete Sekou anvan yo (dirije pa yon manm prezidans lan).

2. **Aprann ansanm** (dirije pa yon enstriktè ki aple) Li souvan itil pou n envite manm yo pou yo:

- Chèche yon bagay nan mesaj konferans lan (tankou yon repons pou yon kesyon, yon pasaj enspire, oubyen yon egzanzp sou yon prensip).
- Pataje epi diskite sou sa yo jwenn.
- Konsidere kijan mesaj la aplike nan lavi yo ak nan eksperyans yo.

3. **Planifye pou aj**i pèsònèlman oubyen kòm yon gwoup (dirije pa yon manm prezidans lan).

Henry B. Eyring, *“Se pou Lespri l avèk nou,”* 86–89

Pou ogmante dezi nou ak kapasite nou pou n resewva Sentespri a, Prezidan Eyring pataje plizyè eksperyans pèsònèl epi l bay direksyon espesifik. Apre nou fin repase eksperyans li yo, ki souvni menmjan a sa a manm kowòm oubyen Sosyete Sekou yo ka pataje sou lè kote Sentespri a te touche kè yo oubyen te konfime yo laverite? Petèt manm yo ka fè yon lis sou tablo a ki gen gidans Prezidan Eyring pataje pou ede “ouvri kè nou pou n resewva ministrasyon Lespri a.” Kijan sa ap ede nou nan lavi nou ak nan fanmi nou lè nou suiv direksyon l yo? nan kowòm nou ak nan Sosyete Sekou?

Dallin H. Oaks, *“Ti bagay senp yo,”* 89–92

Mesaj Prezidan Oaks la gen metafò ki ansenye nou kijan bagay ki piti ak senp yo kapab gen gow efè puisan pou byen ak mal. Metafò sa yo enkli rasin pyebwa, yon ekip ramè, fil nan kòd, ak dlo k ap degoute. Manm yo ta ka li metafò sa yo epi diskite sou sa yo ansenye konsènan pouwa ki genyen nan fè ti bagay senp yo san rete. Ki bagay piti ak senp ki mennen enflyans Sentespri a nan lavi nou? Envite manm yo reflechi sou sa yo te santi yo dwe fè apre konsèy Prezidan Oaks la.

Russell M. Nelson, *“Revelasyon pou Legliz la, Revelasyon pou lavi nou,”* 93–96

Nan mesaj li a, Prezidan Nelson mande nou pou nou ogmante “kapasite spirityèl nou pou n resewva revelasyon.” Pou ede manm yo suiv direksyon li, ou ta ka ekri yon kesyon konsa sou tablou a: Poukisa nou bezwen revelasyon? Kijan nou ka ogmante kapasite nou pou n resewva revelasyon—pèsònèlman ak lè nou chita ansanm an konsèy? Ki benediksyon Prezidan Nelson pwomèt nou si nou chèche revelasyon? Divize manm yo an gwoup, epi envite chak gwoup pou yo jwenn epi pataje repons pou youn nan kesyon yo.

Gerrit W. Gong, *“Kris, Senyè a, resisite jodia,”* 97–98

Kisa manm kowòm oubyen Sosyete Sekou yo ka aprann nan mesaj Èldè Gong nan konsènan alyans nou yo ak Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a? Ou gen dwa envite manm yo pou yo fouye mesaj la, pou chèche benediksyon Sakrifis Ekspyatwa Sovè a ak alyans nou yo—mete ansanm—kapab ofri nou. Apresa panse pou w poze yo kesyon tankou kesyon sa yo sou sa yo jwenn: Kijan alyans nou yo ak Ekspyasyon an travay ansanm pou “ba nou pouwa ak annobli” nou? Kisa yo ede nou kenbe epi kisa yo ede nou lage?

Ulisses Soares, *“Pwofèt yo pale pa pouwa Sentespri a,”* 98–99

Mesaj Èldè Soares la kapab enspire nou pou n ajji ak lafwa lè nou santi nou pa alawotè nan fè volonte Senyè a. Kijan Èldè Soares te resewva rekonfò ak asirans lè l te resewva nouvo apèl li kòm yon Apot la? Kisa l te aprann nan eksperyans li te fè lè yo te aple l kòm prezidan misyon an? Kisa nou ka aprann nan eksperyans li yo? Bay manm yo tan pou yo pataje eksperyans kote yo konn santi yo pa si de yon bagay Senyè a te vle yo fè. Kisa yo te fè pou yo te jwenn lafwa pou yo te avanse?

Jeffrey R. Holland, *“Rete avèk yo epi fòtifye yo,”* 101–3

Pandan manm kowòm ak Sosyete Sekou yo t ap aprann konsènan chanjman nan “konsèp sèvis atansyon nan prèttriz ak Sosyete Sekou a,” ki kesyon yo te genyen? Mesaj Èldè Holland nan kapab pote repons. Manm yo ta kapab chèche prensip levanjil Èldè Holland di ki se fondasyon chanjman sa yo. Ki envitasyon nou jwenn nan mesaj li a? Ki benediksyon yo pwomèt nou? Kijan nouvo fason sèvis sa yo ka ede nou vin “vrè disip Kris la”?



Jean B. Bingham, “*Sèvi jan Sovè a te fè,*” 104–7

Nan mesaj li a, Sè Bingham envite nou pou nou poze tèt nou kesyon ki ka gide efò nou pou n sèvi yo. Manm yo ta ka diskite kijan kesyon sa yo ta kapab gide efò yo epi apres a chèche repons pou kesyon sa a sè Bingham te poze a: “Konsa, ak kisa [sèvis atansyone] sanble?” Ou gen dwa pran tan pou repase kèk nan egzanzp sè Bingham pataje sou moun k ap sèvi yo epi envite manm yo pou yo pataje pwòp egzanzp pa yo. Kisa nou jwenn nan mesaj Sè Bingham nan ki ogmante konpreyansyon nou sou rezon k fè nou sèvi ak fason nou sèvi?

Dieter F. Uchtdorf, “*Gade Mesye a!*” 107–10

Kijan nou t ap ede yon moun konprann ke sakrifis ekspyatwa a ak Rezireksyon Jezikri a se te evènman pi enpòtan nan istwa mond lan? Envite manm yo pou yo reflechi sou kesyon sa a pandan y ap li kèk pati nan mesaj Èldè Uchtdorf la. Kisa yo jwenn ki ap ede yo eksplike poukisa evenman sa yo si enpòtan pou yo? Apre diskisyon sa a, manm klas yo ta kapab pale sou kisa sa vle di pou yo “gade nonm nan.” Kijan nou aprann “gade nonm nan”?

Quentin L. Cook, “*Prepare pou rankontre Bondye,*” 114–17

Ou ta kapab envite yon manm pou l fè yon rezime sou retablisman kle prèttriz yo nan Tanp Kirtland nan pou kòmanse diskisyon w lan sou mesaj Èldè Cook la. Selon mesaj Èldè Cook la, ki responsablite Legliz la genyen ki anrapò avèk kle sa yo? Kijan responsablite sa yo manifeste nan Legliz la jodi a? Ekri mo *lajistis*, *inite*, ak *egalite* yo sou tablo a, epi mande manm yo pou yo pataje ide yo jwenn konsènan chak nan prensip sa yo nan mesaj Èldè Cook la. Kijan prensip sa yo ka ede nou ranpli responsablite sakre Legliz yo?



REYINYON

Katriyèm Dimanch yo

Nan katriyèm Dimanch chak mwa, kowòm ansyen yo ak Sosyete Sekou dwe diskite sou yon sijè Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo chwazi. Y ap mete sijè sa yo ajou apre chak konferans jeneral. Apati kounyeya jiska pwochen konferans jeneral la, sijè a se ap “Sèvi lòt moun.” Chak mwa, dirijan yo oubyen enstriktè yo ka chwazi pou yo dirije diskisyon sou nenpòt nan prensip sa yo ki anrapò avèk sèvis atansyone.

Pou resous adisyonèl pou sipòte diskisyon sou sèvis atansyone yo, gade ministering.lds.org ak atik sou “Prensip Sèvis Atansyone” yo ki pral parèt nan revni *Liahona* k ap vini an.

Kisa sa vle di pou nou sèvi?

Kisa *sèvis atansyone* vle di pou manm nan pawas oubyen branch nou yo? Pou w ka konnen, ou ta ka ekri *Sèvis atansyone* sou tablo a epi apres a envite manm yo pou ekri mo yo asosye avèk sèvis atansyone bò kote l. Manm yo ta kapab jwenn mo oubyen fraz nan ekriti tankou sa yo pou yo ajoute sou lis la : Matye 25:34–40; Lik 10:25–37; 2 Nefi 25:26; Mozya 18:8–9; 3 Nefi 18:25; ak Doktrin ak Alyans 81:5. Kisa nou aprann nan vèsè sa yo konsènan sèvis? Ou gen dwa mande manm yo pou yo pataje egzanzp sou sèvis yo te temwen.

Kijan sèvis nou kapab ede nou ranpli bezwen spirityèl ak tanporèl moun? Kijan li ka ede moun vin pi pre Kris la?

Sovè a se egzanzp pafè nou sou sèvis.

Pou yo aprann kijan pou yo sèvi efikasman, manm yo ta ka pataje istwa nan ekriti yo kote Sovè a te rann lòt moun sèvis— nou ka jwenn plizyè egzanzp nan Jan 4–6 ak Mak 2:1–12. Manm yo ta kapab pataje kisa ki enpresyone yo nan istwa sa yo ak ki prensip yo te aprann konsènan sèvis. Pa egzanzp, kijan Sovè a te

pèsonalize sèvis li te bay lòt moun? Kijan l te satisfè ni bezwen espiyèl ni tanporèl moun yo? Manm klas yo ta kapab pataje moman kote yo konn wè moun itilize prensip sa yo nan sèvis yo.

Sèvis motive pa lanmou kretyen.

Pou eksplòre pouwva sèvis atansyone ki motive pa lanmou kretyen, ou ta ka ekri fraz sa yo sou tablo a epi envite manm yo pou yo sigijere fason pou ranpli pati ki vid yo: *Lè m vrèman renmen moun m ap sèvi yo, mwen ____.* *Lè m sèvi pou lòt rezon, mwen ____.* Kisa nou ka fè pou n asire ke sèvis n ap rann lòt moun yo motive pa lanmou kretyen? Kijan nou devlope lanmou kretyen pou moun nou gen tach pou n sèvi yo? (gade Mowoni 7:45–48). Petèt manm yo ka pataje eksperyans sou sèvis ki te enspire pa lanmou kretyen.

Bondye vle pou nou veye sou tout pitit li yo epi pran swen yo.

Prezidan Russell M. Nelson te di, “Karakteristik prensipal vrè Legliz vivan Senyè a ap toujou yon efò òganize e dirije pou sèvi chak grenn pitit Bondye ak fanmi yo” (“Sèvi avèk Pouwva ak Otorite Bondye,” *Liahona*, Me 2018, 69.). Kisa Prezidan Nelson di k se fason “òganize ak dirije” kote Legliz la ede nou pi byen pran swen moun yo? Poukisa efò sa yo se “karakteristik prensipal vrè Legliz vivan Senyè a”? Gade Mozya 18:21–22 ak Mowoni 6:4–6 pou kèk ide). Ki benedikson ki vin nan lavi nou oubyen nan lavi lòt moun gras ak moun ki rann sèvis nan apèl yo oubyen tach yo nan Legliz la?

Nanm yo genyen yon gwo valè nan je Bondye.

Eksperyans pitit gason Mozya yo montre nou ke fason nou wè moun ap afekte fason nou sèvi yo. Ou ta ka ekri sou tablo a *Fason Nefit yo te wè Lamanit yo ak Fason pitit gason Mozya yo te wè Lamanit yo*. Apresa envite manm yo pou gade nan Mozya 28:1–3 ak Alma 26:23–26 pou yo ka jwenn mo ak fraz pou ekri anba chak deklarasyon sa yo. Kisa konparezon sa a ansyen nou sou

deklarasyon k di fason nou wè moun yo afekte fason nou sèvi yo a? Kijan nou ka aprann wè moun plis jan Bondye wè yo? (gade D&A 18:10–16).

Vrè sèvitè atansyone yo fokis sou bezwen lòt moun.

Pou ede manm yo pi byen konprann valè ki genyen nan konsantre sou bezwen lòt moun lè n ap sèvi, ou ka konpare sèvis atansyone a avèk bay ak resewa kado. Èske nou janm resewa yon kado siyifikan nan men yon moun ki te klèman konnen sa nou te bezwen oubyen sa nou te vle? Nan ki fason rann sèvis menmjan avèk bay yon bon kado? Panse pou w diskite sou istwa nan konferans jeneral ki pi resan an ki demontre kijan moun sèvi selon bezwen lòt moun (gade, paregzanp, Jean B. Bingham, “Sèvi jan Sovè a te sèvi,” *Liahona*, Me 2018). Manm yo ta ka pataje lòt istwa ki demontre prensip sa a tou.

Kijan nou ka aprann sa bezwen lòt moun yo ye? Envite chak manm pou yo fè yon lis sou kèk moun yo sèvi. Bò kote chak non yo ta ka ekri yon repons pou kesyon “Kisa moun sa a bezwen pou l vin pi pre Kris la?” Si sa aplikab, ankouraje manm yo pou yo enkli òdonans chak moun ka bezwen resewa. Envite manm yo pou yo kontinye panse sou kesyon sa a epi chèche enspirasyon pou ede yo satisfè bezwen lòt moun.

Senyè a vle nou aksepte sèvis nan men lòt moun.

Èldè Robert D. Hales te di: “Plan levanjil la mande nou pou nou bay ak resewa. . . . Anpil moun nan difikilte konn souvan di: ‘M ka fè l poukont mwen,’ . . . ‘M ka pran swen tèt mwen.’ Yo di ke pèsòn pa janm rich nan pwen pou l pa bezwen èd yon lòt moun, pèsòn pa janm pòv nan pwen pou l pa itil pwochen l nan yon fason kèlkonk. Dispozisyon pou mande èd lòt moun avèk konfyans, epi pou bay èd sa a avèk jantiyès ta dwe fè pati nati nou” (“Nou pa kapab fè l poukont nou,” *Ensign*, Nov. 1975, 91, 93). Poukisa nou pafwa ezite pou n aksepte èd nan men lòt moun? Kijan volonte nou pou aksepte èd beni moun

k ap sèvi nou yo? Bay manm yo kèk moman pou yo reflechi sou fason yo kapab pi pare pou resewa sèvis nan men lòt moun. Kisa 1 Korentyen 12:13–21 sigijere sou rezon k fè nou youn bezwen lòt?

Gen plizyè fason nou ka sèvi lòt moun.

Pou ede manm yo konsidere plizyè fason nou youn ka sèvi lòt, ou gen dwa envite yo pou yo repase mesaj Èldè Jeffrey R. Holland nan “Rete avèk yo epi fòtifye yo” a (*Liahona*, Me 2018, 101–3; gade “Prensip Sèvis Atansyone” tou nan revè *Liahona* ki gen pou vini yo). Ou gen dwa divize manm yo an ti gwoup piti, epi fè chak gwoup panse a plizyè senaryo kote yon moun ta ka bezwen èd. Apresa yo ka brase lide sou pakèt fason moun ka sèvi bezwen espiyèl ak bezwen tanporèl moun nan senaryo yo. Mande gwoup yo pou yo pataje ide yo epi reflechi sou si nenpòt nan ide yo diskite yo ka beni moun y ap sèvi yo.



LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO